



FAQ: Ki 4 Règleman USCIS, Tribinal la te Anile?

Enfòmasyon sa a antre an vigè depi 06/11/2026 epi li ka chanje nenpòt ki lè — tounen tcheke pou dènye mizajou yo.

Mizajou sa se pou enfòmasyon w sèlman li pa dwe konsidere kòm konsèy legal.

Mizajou Enpòtan: Desizyon Tribinal la Konsènan Règleman USCIS yo

Nan dat 5 jen 2026, yon jij federal te pran yon desizyon konsènan kat règleman USCIS ki te ralanti, mete sou poz, oswa bloke ka imigrasyon pou moun k ap chèche azil ak moun ki soti nan [39 peyi](#) Etazini konsidere kòm "gwo risk." (gade [Dorcas International Institute of RI v. USCIS](#)). Men sa ou bezwen konnen

Kisa jij la te deside?

Jij la di USCIS te ajè ilegalman lè li te kreye kat règleman ki te kanpe oswa ralanti pwosesis imigrasyon selon nasyonalite moun, sitou pou moun ki soti nan 39 peyi, epi li te bay lòd pou USCIS sispann aplike kat règleman sa yo. 39 peyi sa yo se: Afganistan, Angola, Antigua ak Barbuda, Benin, Burkina Faso, Birmani, Burundi, Tchad, Côte d'Ivoire, Kiba, Dominik, Gine Ekwatòryal, Eritre, Gabon, Ayiti, Iran, Laos, Libi, Malawi, Mali, Moritani, Nijer, Nijerya, Repiblik Kongo (Brazzaville), Senegal, Syera Leon, Somali, Soudan di Sid, Soudan, Siri, Tanzani, Gambi, Togo, Tonga, Tirkmenistan, Venezwela, Yemen, Zambè, Zimbabve, ak Moun k ap vwayaje ak dokiman Otorite Palestinyen.

Ki lòd tribinal la te bay USCIS pou règleman ki anile yo?

USCIS te resevwa lòd pou:

- **Rekòmanse trete demann azil** ak pwoteksyon kont depòtasyon pou tout nasyonalite.
- **Leve poz** la sou demann imigrasyon pou moun ki soti nan 39 peyi yo. USCIS dwe rekòmanse trete demann yo epi bay benefis imigrasyon yo, tankou kat vèt, pèmi travay, dokiman vwayaj ak sitwayèn pou moun ki soti nan 39 peyi ki vize yo.
- **Sispann Relouvri ak Revize** ka ki te deja deside epi apwouve pou moun ki soti nan 39 peyi yo ki te antre Ozetazini sou oswa apre 20 janvyè 2021, sèlman akòz nasyonalite yo.
- **Pa itilize nasyonalite yon peyi dezinye kòm yon faktè negatif** lè y ap deside sou sètèn demann.

Kisa ki PA p chanje?

Desizyon tribinal sa a PA:

- Kanpe **entèdiksyon vwayaj** ki egziste deja pou bay viza a moun ki soti nan 39 peyi "gwo risk" yo ak moun ki soti nan 75 peyi "chaj piblik" yo pou vwayaje Ozetazini.
- Rekòmanse **trete demann ajisteman estati refijye (kat vèt)**.
- Rekòmanse **pwogram reenstalasyon refijye** ki kounye a ap reenstale sèlman moun blan ki soti Afrik di Sid.
- Chanje nenpòt lòt règleman USCIS oswa Depatman Deta.

Kisa ki ta dwe rive aprè sa?

USCIS te fè apèl ak desizyon tribinal la, men li di li pral swiv lòd la pandan apèl la ap tann. Sa vle di, pou kounye a, USCIS pral:

- Bay desizyon sou kat vèt, pèmi travay, dokiman vwayaj, natiiralizasyon, ak lòt demann ki te an poz anvan.
- Replanifye seremoni sèman natiiralizasyon ki te anile yo.
- Rekonfime ka apwouve ki te reouvri sèlman akòz nasyonalite moun nan.
- Sispann itilize nasyonalite kòm rezon pou refize benefis, tankou pèmi travay.

Kisa ki ka pase ankò?

USCIS ka mande kou apèl la pou mete sou poz desizyon tribinal ki pi ba a. Kou apèl la ta ka:

- Kite desizyon tribinal la an plas, oswa
- Mete desizyon sou poz, sa ki ta pèmèt USCIS kontinye kat règleman ki konteste yo jouk apèl la fini.

Mwen toujou gen kesyon sou ka mwen an. Kiyès mwen ta ka mande?

Si ou panse chanjman sa yo konsène ou oswa si ou gen kesyon sou opsyon ou yo, ou dwe kontakte yon sèvis imigrasyon legal ki kalifye. Gade anba a pou konnen kijan pou jwenn sèvis legal ak konsèy.



[Rezo Defansè
Imigrasyon](#)



[Asosyasyon
Avoka
Imigrasyon
Ameriken](#)



[Lis Avoka Prive
ASAP](#)